



Pou Piblikasyon Imedya: 16/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO PRAN PREKOSYON PANDAN DEPLASMAN LANNWIT AKOZ GWO TANPÈT KONTINYE AP FRAPE NEW YORK**

*Plis pase 40 konte atravè Eta a anba alèt gwo loraj; Ajans Eta ak resous yo prepare konplètman pou reponn*

*Move tan k ap lakoz 96 KMPH rafal van, gwo lapli, zeklè danjere, gwo lagrèl ak aktivite tònad, gwo van yo ta ka lakoz pàn kouran, pye bwa ak liy elektrik ki tonbe*

*Nou ankouraje Nouyòkè yo swiv tan an deprè jiska lendi swa epi voye je sou vwazen yo*

Gouvènè Kathy Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pran prekosyon pandan deplasman lannwit akoz gwo tanpèt kontinye ap frape majorite eta a. Plis pase 40 konte ap anba yon alèt Gwo Loraj, epi zòn nan tout rejyon nò eta New York te deja genyen 96 KMPH rafal van, gwo lapli, zeklè, ak aktivite tònad. Gen posiblite tou pou gen gwo lagrèl pou kominote ki sou wout tanpèt la. Gwo van yo se enkyetid prensipal tanpèt sa yo paske yo gen chans pou lakoz pàn kouran, pye bwa ki tonbe ak liy kouran ki tonbe toupatou. Akoz kondisyon sa yo, Gouvènè Hochul ap ankouraje Nouyòkè yo, espesyalman sila yo ki nan pòsyon lès eta a, pou pran anpil prekosyon pandan tout deplasman lannwit, epi voye je sou vwazen ak pwòch yo pandan tout tanpèt la.

"Yo prevwa pou move tan k ap deplase atravè eta a afekte plizyè zòn apre midi ak aswè a ak gwo van, gwo lapli, ak lòt enpak ki gen chans pou danjere, ki enkli tònad," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje chak moun ki nan pakou tanpèt sa yo pou kenbe yon koudèy atantif sou previzyon meteyo lokal yo pou enpak pandan tout apre midi ak nwit lan, epi prepare pou aji."

Plizyè alèt ak avètisman kont move tan anvigè pou plizyè rejyon atravè eta a. Pou jwenn yon lis konplè sou alèt ak previzyon meteyo yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la nan <https://alerts.weather.gov>. Nou ankouraje Nouyòkè yo pou enskri pou alèt ijans lè yo abone nan Alèt NY nan [alert.ny.gov](http://alert.ny.gov), yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon ijans gratis sou telefòn ak òdinatè ou.

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare,** "Pifò New York te andire move tan aswè a, men Manman Lanati pa t fini avèk nou. Pandan n ap avanse nan lannwit lan, tanpèt entans sa yo ap kontinye nan pati lès eta a, ki rann li enpòtan pou Nouyòkè yo pran anpil prekosyon pandan tout deplasman lannwit. Ekip repons ijans nou yo ap swiv chak devlopman epi rete nan kowòdinasyon depre ak patnè lokal nou yo pou asire ke yo gen tout resous yo bezwen pou kenbe kominote yo an sekirite."

### **Preparasyon Ajans**

#### **Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)**

Sant Operasyon Ijans, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York la ap kontwòle tan ak kondisyon deplasman yo, epi kowòdone tout bezwen repons yo ak gouvènman lokal yo. Estòk eta a prepare pou deplwaye resous nan lokalite yo pou sipòte nenpòt bezwen ki gen rapò ak tanpèt la, sa gen ladan ponp, twonsonez, sak sab, jeneratris, bèso, lenn ak dlo nan boutèy.

#### **Depatman Transpò (Department of Transportation)**

Depatman Transpò a pare pou li entèvni avèk plis pase 3,380 sipèvizè ak operatè. Tout anlwaye sou teren yo disponib pou angaje konplètman epi entèvni. Yo ka konfigire anlwaye yo nan nenpòt ki kalite ekipaj repons ki nesèsè (entèvansyon kont inondasyon, dechiktez, chajman ak transpò, vidaj egou, koup ak lans, siyal sikilasyon, elatriye). Nan preparasyon, ekip yo te verifye epi netwaye estrikti drenaj yo pou asire ke yo pa gen okenn debri ak obstak. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,471 gwo kamyon abèn baskil
- 309 gwo chajè
- 77 ekskavatriis sou ray ak sou kawotchou
- 75 dechiktèz
- 18 aparèy pou fè nivèlman
- 14 kamyon aspiratè ak jè egou
- 14 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

#### **Otorite Thruway**

Otorite Thruway la genyen 633 operatè ak sipèvizè ki prepare pou reponn a nenpòt pwoblèm ki an rapò ak van oswa inondasyon nan tout Eta a yo avèk eskavatriis ki piti pou rive nan sa ki gen tay mwayen yo, kamyon chasnèj/baskil yo, gwo kamyon chajè yo, pano VMS pòtab yo, poto limyè pòtab yo, jeneratris ki pi piti yo, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fèmti yo. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou Thruway la.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 358 Gwo Kamyon Baskil Abèn ak Ti Kamyon
- 65 Gwo Chajè
- 31 Trelè
- 7 Kamyon Aspiratè
- 15 Ekskavatris
- 9 Dechiktèz ak Bwòs
- 99 Twonsonez
- 13 Kamyon Ayeryen
- 22 Chajez ak Direksyon
- 84 Jeneratris Pòtab
- 67 Inite Ekleraj Pòtab

Otorite Thruway (Thruway Authority) a ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li a ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy [iPhone](#) ak [Android](#) yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) ki bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou otowout Thruway, suiv [@ThruwayTraffic](#) sou Twitter epi vizite [thruway.ny.gov](#) pou wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

### **Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation)**

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sityasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo sibi dega poutèt move tan. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan ekip rapid pou sovtaj nan dlo yo nan pozisyon pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

### **Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)**

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alètte epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizite pak yo dwe verifye [parks.ny.gov](#) oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvel konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

### **Depatman Sèvis Piblik**

Sèvis piblik New York yo genyen apeprè 6,500 travayè disponib pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta New York. Pèsonèl ajans lan ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi sire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

Anplis:

- Rezo Nasyonal la te sekirize apeprè 450 resous liy ekstèn pou evènman sa
- Hudson Santral te sekirize 50 resous liy èd mityèl ekstèn pou evènman sa

- NYSEG te sekirize 500 liy kontra ekstèn ak resous liy èd mityèl ekstèn Kanadyen pou evènman sa

### **Lapolis Eta New York**

Lapolis Eta a prepare pou li deplwaye manm Patwouy anplis, jan sa nesesè, pou ede zòn ki afekte yo. Tout veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize yo, tankou veyikil kat-pa-kat ak veyikil itilite yo (UTV) deja an pozisyon epi yo prè pou yo reponn imedyatman. Yo te teste tout ekipman alimantasyon elektrik ak ekipman kominikasyon ijans Twoup la yo.

### **Otorite Transpò Metwopoliten**

Otorite Transpò Metwopoliten ap siveye kondisyon meteyowolojik yo depre pou asire sèvis san danje, ki fyab. Anplwaye MTA yo ap pare pou entèvni kont tout pwoblèm ki lye ak kondisyon meteyo yo epi retire tout pye bwa ki ta ka tonbe sou wout yo.

Pon ak Tinèl MTA yo ap mete yon entèdiksyon sou semi remòkè ak kamyon tandèm vid yo lendi soti 2:00 p.m. jiska 10 p.m. Pasaj pyeton nan pon Cross Bay ak Marine Parkway yo ap fèmen tou pandan moman sa. Pasaj pyeton ki sou Pon Robert F. Kennedy ak Henry Hudson ap rete ouvè, si tan an pèmèt sa.

Kliyan yo ankouraje tcheke [new.mta.info](http://new.mta.info) pou dènye mizajou sou sèvis, ak pou itilize prekosyon pandan y ap navige sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA yo: MYmta, Long Island Rail Road Train Time ak Metro-North Train Time.

### **Otorite Pòtyè (Port Authority)**

Otorite Pòtyè a ap siveye kondisyon meteyowolojik yo. Restriksyon pou vitès yo gendwa an vigè nan pon yo, ansanm ak wout pou ale ak pou sòti nan kafou yo. Yo ap ankouraje pasaje atravè enstalasyon Otorite Pòtyè yo pou kontakte konpayi otobis ak liy ayeryèn yo dirèkteman pou dènye enfòmasyon sou reta ak anilasyon. Pou dènye enfòmasyon yo sou etablisman Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyo yo, enskri pou [Alèt PA](#) yo oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo, ki enkli [RidePATH](#) ki bay mizajou nan tan reyèl ak alèt pou sèvis PATH.

### **Konsèy Sekirite pou Move Tan**

#### **Preparasyon**

- Konn konte kote ou rete a epi non vil ki toupre yo. Yo bay avètisman sou move tan vyolan yo pa konte.
- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan "evakyasyon fanmi" epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt objè pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv estòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Sere dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen.

- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe sou lamèn yon radyo pòtab, flach, batri anplis ak ekipman pou fè manje nan sitiasyon ijans.
- Kenbe machin ou ak gaz oswa chaj. Si kouran elektrik la koupe, estasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.
- Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:
  - Flach ak pil siplemantè
    - Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
      - Twous premye swen ak manyèl
        - Manje ak dlo pou ijans
          - Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
            - Medsin esansyèl yo
              - Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

## **Inondasyon Eklè**

- Pa janm eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.
- Si dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.
- Pa souzestime pwisans destriksyon dlo k ap kouri vit. De pye dlo inondasyon k ap kouri rapid pral fè machin ou flote epi dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.

## **Zeklè**

- Swiv enstwiksyon 30-30: Si espas tan ant pandan ou wè ekla zeklè an epi tande kout loraj lan se 30 segond oswa mwens, kout zeklè an pre ase pou li frape ou. Chèche yonabri imedyatman. Apre dènye ekla zeklè an, rete tann 30 minit anvan ou soti nanabri ou an.
- Kout zeklè yo frape bagay ki pi wo an. Si ou sou yon liy pye bwa, kouri ale anba l epi kwoupi si ou nan yon zòn ki ekspoze.
- Si ou pa kapab ale nan yonabri, rete lwen pye bwa yo. Si pa genabri, kwoupi nan zòn ki ekspoze, epi rete lwen a yon distans doub fwa longè pye bwa a.

## **Tònad**

- Si ou deyò, epi yo pibliye yon Avètisman Tònad, chècheabri imedyatman. Si w pa gen okenn kote tou prè w pou w mete w alabri, kouche plat atè nan yon fose oswa yon kote ki ba epi mete men w sou tèt ou.
- Si ou lakay ou oswa nan yon ti bilding, ale nan sousòl lan oswa nan yon pyès pa andedan nan etaj ki pi ba a. Pa kanpe bò fenèt yo. Plaka, chanm deben, ak lòt espas chanm enteryè yo ap pwoteje w pi byen. Antre anba yon bagay ki solid oswa kouvri tèt ou ak yon matla.

- Si ou nan yon lekòl, yon lopital, oswa yon sant komèsyal, ale nan zòn abri yo deziyen alavans lan. Pa kanpe nan espas ouvè ki laj yo aswa bò fenèt yo. Pa soti deyò pou al nan machin ou.
- Si ou nan yon bilding ki wo anpil, ale nan yon ti pyès pa andedan oswa nan koulwa nan etaj ki pi ba posib lan. Pa pran asansè - pran eskalye pito.

Pou plis konsèy sou sekirite, ale sou sitwèb Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la nan [www.dhSES.ny.gov/safety](http://www.dhSES.ny.gov/safety).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)